ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ХЕКІЫ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№161 (21.819) ● 2010 гъэм шыщхьэІум (августым) и 31, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІэ лъапІэхэр фІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къаухьа екъулІэныгъэхэм папщІэ икІи ильэс куэд лъандэрэ хьэпэлу зэрылажьэм къыхэкІыу щІэ лъапІэхэр яфІэщын:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щыхубз художник» щІэр

Калкутин Андрей Борис и къуэм - «Урысейм и Художникхэм я союз» урысейпсо творческэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм хэтым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыхь зиІэ и дохутыр» щІэр

Джэш ФатІимэт Владимир и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лъжэныгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм и «Республикэ поликлиникэ центр» къэрал Іуэхущ1апІэм и социально-реабилитацэ къудамэм и унафэщІым

КъумыкІу Залымхъан Мухьэмэд и къуэм - «Республикэ сабий клиникэ сымаджэщ» узынщагъэр хъуэныкъмкІэ къэрал Іуэхущ1апІэм хирургиемкІэ и къудамэмкІэ и дохутырым-урологым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм гъэуздэжмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ» щІэр

Зэхъуэхъу Валерий Лиуан и къуэм - «Урысейм и Художникхэм я союз» урысейпсо творческэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм хэтым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ» щІэр

ПІаз Александр Залымхъан и къуэм- художникым

Темыркъан Людмилэ Федор и пхъум - Урысей ФедерацэмЩэнхабзэмкІэ и министерствэм и «ГъуэзджэхэмкІэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институт» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щ1агъэгъуэт федеральнэ къэрал еджапІэм Щэнхабзэмрэ гъуэзджэхэмкІэ и колледжым и унафэщІым егъэджэныгъэмкІэ и къуэдзэм, фортепианэмкІэ егъэджакІуэм

Фриев Мухьтар Ахьмэдыр и къуэм- «Шэрэдж» узыншагъэр щ1агъэфІакІуэ лагерь» ООО-м и унафэщІым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыхухэм социальнэ дзэлъкІэныгъэ етыныкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ» щІэр

Бжьахъуэ Ахьмэд Латиф и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лъжэныгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм Лъжэныгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и управленэу Дзэлыкъуэ районым щыІэм и унафэщІым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыхь зиІэ и юрист» щІэр

Уэгъуэ Мухьэмэд Назир и къуэм - Суд департаментым и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2010 гъэм шыщхьэІум и 27-м
№89-УП

Къэзан С.С. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыхь зиІэ и артист» щІэ лъапІэр фІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Гъуэзджэм и Іэнатіэм щиІэ фІыщІэм папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыхь зиІэ и артист» щІэ лъапІэр фІэщын **Къзэан Сэтэней Сетхьэлий и пхъум** - уэрэджэныкІуэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2010 гъэм шыщхьэІум и 27-м
№90-УП

Лыхъужу Хь.Хь. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и мэкъумэш хозяйствэм щыхь зиІэ и лэжьакІуэ» щІэ лъапІэр фІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Мэкъумэш хозяйствэм и Іэнатіэм щиІэ фІыщІэм икІи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и мэкъумэш хозяйствэм щыхь зиІэ и лэжьакІуэ» щІэ лъапІэр фІэщын **Лыхъужу Хьэжмурид Хьэсэнбий и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Лъэпкъхэм я зэхущытыкІэхэмкІэ и комитетым и унафэщІэм языхэзыІ, Аграрнэ политикэмрэ щІы Іуэхуэхмкіэ комитетым и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2010 гъэм шыщхьэІум и 27-м
№91-УП

ІэщІагъэхэм зэрыхущ1агъаджэм Москва щыхоплъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен хэтынчу УФ-м и Къэрал Советымрэ Урысейм и экономикэр къэтэджэгъэнымкІэ, абы и технологием зегъэужьынымкІэ УФ-м и Президентым и деж щыІэ комиссэмрэ зэущІэгъуэ ирагъэкІуэкІыну зэхуэсым.

ШыщхьэІум и 31-м Москва къыщыІэхьыну зэІущІэм щыхоплъэнущ Урысейм Іэщ1агъэхэм зэрыщыхущ1агъаджэ щыкІэм зегъэужьыным. Абы утыку къыщ1ат1ахьэнущ УФ-м и Къэрал Советым Томск областым и губернатор Кресс Виктор зи пашэ и пэжьакІуэ гупым ягъэхьэзыра докладыр.

ХЬэПЭ Маринэ,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Япэу хах

Тхъэдэкіэ зи щІыналъэ лъэпкъэм ящыщ япэу Австралием и Парламентым Лъыкіуэхэмкіэ и налатэм щыхахащ.

Щбэзэным, Іэбэтым кърикІуахэр къэбжьыкъи щаухым, Австралие Къухьэпі1э штатым ливберал партым кьыбгъэджІыну и лЫкІуэ Уийатт Кен и тельхьэхэр лейбористхэм я лЫкІуэм Іэхуэзы1этаэм нэхъ р1 щыху зы мин хуэдизкІэ нэхьыбэт. АтІэмк1, къабжьи хуейуэ къахуэнэжаг бюллетень зы мин ирикъужтэкъым.

«Гъыдтхэмк1 щ1ныгъэлІэхэми кууэ яджынущ щІыналъэ, къэралыр зей лъэпкъыу щытам щыщ штатым и хэхаІуэ комиссэм зэрыхиха щІыкІэр», - жеІэ Уийатт Кен.

Абы зэрыжиІэмкІэ, Австралием лъэпкъ зэхэгъэжыр 60 - 80 гъэхэми щыІащ, ноби зызыхьужаг машІэщ - яг1эшынэну хэту абы тхыгъэхэр кьыІэрыхьащ1 хэхьанымкІэ хэгъэкІуэжыхьу.

Либерал партым и унафэщІ Бишоп Джулие зэрыжиІэмкІэ, я политикэ партым зэи увыпІэ гуэр щ1ыбыдынукъым лъэпкъ зэхэгъэжьым.

1995 гъэ лъандэрэ

Къэзахъстаным дыгъуасэ щ1агъэльэІащ я къэрал гуфІэгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыр - Конституцэм и махуэр. Ар 1995 гъэм екІуэкІа референдумым кьыщ1ащ1ат1ащ. Абы зэхъуэкІынымгъэхэр хальхьащ 1998, 2007 гъэхэм.

Къэзахъстаным и конституцэм и яп1э статьям къегъэув ар демократиер зи лъабжьэкъэрал щхьэхуиту, Іыхъум абы и гъащІэм, и щхьэхуитныгъэмрэ хуитныгъэхэмрэ нэхъ лъапІэ имыІэу.

Къэзахъстаным дыгъуасэ и зыгъэпсэхуэгъуэ махуэу щытащ. Къэралым и куей, къалэ псоми щекІуэкІащ гуфІэгъуэ зэхьхьэхэр, лъэпкъ джэгуэхэр. Республикэм и къалащхьэ Астанарэ Алмаатирэ хьэрэкІытІэхэр куэду щыдрагъэуеящ.

●Дыгъуасэ

Пушкин Александр теухуа псалъэ жеІэ Налшык къалэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Портэ Галинэ.

Пушкин Налшык къыдохьэ

Урыс литературэм и классик, усакІуэ щІэрыІуэ Пушкин Александр и фэеплъ Налшык щагъэувар (Пушкиным и щІэр зезыхьэ уэрамым тетщ) дыгъуасэ къыщыІуахащ.



СурэтхэрХОЛЛАЕВЭ Любэ трихащ.

ЗэІущІэм зыкъраГъэхьэлат КъБР-м и Правительствэм, Парламентым, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лІыкІуэхэм, тхакІуэхэмрэ усакІуэхэмрэ, щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм, лъэпкъ интелигенцэм щыщхэм, Москва къикІа хьэщІэ лъапІэхэм, Налшык къалэм и курыт еджапІэ №5-м, 1937 гъэ лъандэрэ усакІуэм и щІэр зезыхьэм, и егъэджакІуэхэмрэ гъэсэнхэмрэ.

Пушкиным и гуащІэм, и гъащІэм, усакІуэшхуэм и щІэнным, и Іэдакъэщ1экІхэм, Кавказым теуха и тхыгъэхэм, нэгъуэщІ куэдми и гугъу ящІу зэхьхьэрыкІ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ и министр **Фырэ Руслан** Урысейм и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Ганичев Валерий**, а Іуэхущ1апІэм и чэнджэщэгъу **Мельников Валерий**, КъБР-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и тхьэмадэ **КъхъуІуфэ Хьэчим** , щІыпІэ самоуправленэм и кьалэ советым и депутат, Налшык и курыт еджапІэ №9-м и унафэщІ **Коротких Ольгэ**, УФ-м и къ1ал1эхэм я зэдэлэжьэныгъэмкІэ щэнхабзэ фондым и унафэщІ **Новоселов Игорь** , КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу тхакІуэхэм я клубым и тхьэмадэ, усакІуэ **Гуртуев Салихь** , нэгъуэщІхэри.

Фэеплъыр гъэувыныр зи жэрдэмри абы текІуэда мыгъкур зейри «Ай-Би-Си Промстрой» Іуэхущ1апІэм и тхьэмадэ Бойтов Алексей, УФ-м и къ1ал1эм и зэдэлэжьэныгъэмкІэ щэнхабзэ фондым къыбгъэдэкІыу ди къалэм кьыхуащІа Москва щыщ скульптор Кузнецов-Муромский Николайщ,

Фэеплъым и хъуреягъкІэ къабзэу зэщІэкъуащ, къалэдэсхэмрэ абы и хьэщІэхэмрэ зыщ1агъэпсэхуну тетІысхьэпІэхэр къраГъэувэкІащ.

ИСТЭПАН Залинэ.

● КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэм ирихьэлІэу

ЩІыпІэ псоми загъэхьазыр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и махуэм ирихьэлІэу республикэм и щІыпІэ псоми гуфІэгъуэ зэхьхьэ зэмылІэужьыныгъэхэр щекІуэкІынущ, ухуэныгъэщІэхэр жыпІагъэ зыкъыдэлъадэрэ, спорт зэхьэзэхуэхэр щызэхэтынущ.

Шыщхьэ1ум и 31-м сыхьэт 12-м щыщІэдзащ 17 хъуху республикэ шыгъэжапІэм«Іуащхьэмахуэ и кубок-2010» етхуанэ дунейпсо зэпеуэр щыІэнущ.

А махуэ дыдэм сыхьэт 14-м Іуэуэзджэкіэ музейм «Си республикэ» сурэт гъэлъэгъуэныгъэр къыщыдэІуахынущ, ***Льэпкъ музейм сыхьэт 15-рэ дакьикъэ 30-м***«Бжьыкьэ-2010» отчет выставкэ Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэм щригъэкІуэкІынущ.

Фокладэм и 1 махуэм и кІыхьагъкІэ Пльэпкъ библиотекэм щызэхэтынущ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэмрэ нобэмрэ: къэхъуГъэхэмрэ щІэхэмрэ» зыфІащ тхыль-сурэт гъэльэгъуэныгъэ.

Гъэ еджагъуэщІэм щыщІидзэжьым ирихьэлІэу республикэм и ***муниципальнэ гъэдэжьныгъэ Іуэхущ1апІэхэм*** КъэбэрдейБалъкъэрым и Къэралыгъуэм и махуэмрэ ЩІэныгъэм и махуэмрэ екъэлІа дерс, лекцэ, псалъэмакъ зэІуэхахэр сабийхэм щыдграгъэжьКІынущ.

Сыхьэт 11-м щыщІэдзауэ 15 щІондэ Сабийхэмрэ щІалэгъуэлэмрэ я творчествэмкІэ республикэ унэм къыщыІэзрагъэпэщынущ щІыкІуэм я театрализованнэ зыгъэлъагъэныгъэ, «Си республикэ, си Урысей» зыфІэщІащ.

Къэбэрдей езым фІэфІу Урысейм зэрыхьхьэрэ илъэс 400 щрикъум и фэеплъым сыхьэт 14-м уэрэд гъэгъакэр тралъхьэнущ.

Ди щІыпІэм щыІэ ***щэнхабзэмкІэ унэхэмрэ библиотекэхэмрэ*** КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэм «Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхакІуэхэр - щалъхуа республикэм» литературэ зэІущІэхэр щекІуэкІынущ. ***Республикэм и спорт утыкуэхэм*** щызэхэтынущ.

Асфальтым сурэт тезыщІыхьыну зыфІэфІ сабийхэр хэтынущ «**Къалэр мэдыхьэшх**» зэхьхьэзэхуэм. Ар къэщІыгъэрагъэпэщынущ «ТекІуэныгъэ» сабий аттракционым и деж- ***сыхьэт 14-м щыщІэдзауэ 19 щІондэ.***

ХьэтІохъущокъуэм и хадэм сыхьэт 14-м щыщІэдзауэ жэщ хъуукІэ цІыхуэхэм зыщагъэпсэхунущ, художественнэ самодеятельностым и гупхэм я концертхэр щатынущ, сурэт зэхьхьэзэхуэр щызэхэтынущ.

Долинск щыІэ ***Театр Щхьуантіэм сыхьэт 19-м*** щыщІидзэнущ Къэзан Сэтэнейрэ КъБР-м и эстрадэм и артистхэмрэ зыхэт гуфІэгъуэ концертым. Ар иухэ иужькІэ, Махуэшхуэм и щыкІэ хьэрэкІытІэ зэмыфэгъуэхэр ***сыхьэт 21-м*** драгъэлъэтеинущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралыгъуэм и махуэм ирихьэлІэу ди республикэм уиуэныгъэщІэ зыбжанэ кьыщызэІуахынущ. Къапщтэмэ, ***шыщхьэ1ум и 31-м сыхьэт 12-м Шэрэдж куейм*** гуфІэгъуэ иращІэкІыну щаутІыпщынущ Шэрэдж Ищхьэрэ ТЭС зэкІэлъыкІуэхэм я етІуанэ Іыхьэр. ***Фокладэ мазэм кьриубыдэуМай кьалэм*** лэжьэн щыщІидзэнущ физкультурэ-зыщІагъэхьуж комплексым, ***Шыпхьэлэ*** ухуэн щаухынущ щыІу 300 зыщІэхуэ Щэнхабзэмкіэ унэр, ***Аргудан*** псыкІэ, ***Шэрэдж Ищхьэрэ*** гъэкІэ къаІэ зыфІэщІащ.

Щэнхабзэмкіэ щыщІидзэнущ, нэгъуэщІ Іуэхуфэ куэди зэфІэкІынущ.

Къэралыгъуэм и махуэр Іэтауэ щагъэлъэпІэнущ республикэм и кьалэхэмрэ я щІыпІэхэмрэ я зэхуэхуэм кьриубыдэм сыхьэт 16.00-м щегъэжьауэ 22.00-м нэсыху транспортыр щызэрагъэжьынущ. А Іыхьэм маршрутым тет транспортым гъэгуэм а и Іыхьэм Калюжнэм и щІэр зезыхьэ зэрамыкІэ Пионер уэрамымрэ тету кьыпинкІуэнырэ адэкІэ маршрутым теувэжынущ.

Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэмрэ ЩІэныгъэм и махуэмрэ зэрагъэлъэпІэнум къыхэкІыу фокІадэм и 1-м Щоджэжэщ1ыкІум и уэрамым щыщу Балъкъэр Зэрамырэ Тэрчокъуэм и уэрамымрэ я зэхуэхуэм кьриубыдэм сыхьэт 16.00-м щегъэжьауэ 22.00-м нэсыху транспортыр щызэрагъэжьынущ. А Іыхьэм маршрутым тет транспортым кьыпинкІуэнырэ Головко, Ленинным и щІэкІэ щыІэ уэрамхэм тету.

ЩОМАХУЭ Данэ.

ХьэтІохъущокъуэм и хадэм

гъуэзджэм и лъагъуэ щыпхащ

Налшык къалэм и махуэм, фокІадэм и 1-м, ПащІэ Бэчмырзэрэ Мечиев Кязимрэ я фэеплъэу ХьэтІохъущокъуэм и жыг хадэм ятым и гуупэм дежи кьыщызІуахынущ «Уи махуэ лъапІэмкІэ, фІыуэ тлъагъу ди кьалэ!» зыфІащ арт-гъэлъэгъуэныгъэм. Къалэ администрацэм кьызэригъэпэщащ Іуэху дахэм кьызэщІеубыдэ гъуэзджэм и лъэныкъуищ: щэнгъэхэр дахэу зэхэхуэнэныр, сурэт щыныр, декоративно-прикладнэ Іэпщ1эльапщ1агъэр.

НЭР ЗЫГЪЭГУФІЭ къэкІыгъэ тельыджэхэм я балыр Налшык и зыгъэпсэхуэпІэ паркым и духовой оркестрым кьыІэІуихынущ, апхуэдэуи макъамэ еджапІэхэм я гъэсэнхэм уэрэд жаІэнущ. Удз гъэгъахэм кьыхэщІыкІа композицэ гъэщІэгъуэнхэр утыку кьрахьэнущ «Горзеленхоз», «Декоративные культуры» предприятэхэм, уней Іуэхущ1апІэу 20-м нэблагъэ. Удз гъэкІыныр, абыхэмкІэ щІыхьэхэм я гукъыдэжыр къэІэтынырэ зэхьхьэгъуэхэм я къэжьыгъэ гъэщІэгъуэнхэр фІыуэ зыльагъуэхэмэ я къэжьыгъэ гъэщІэгъуэнхэр фІыуэ зыльагъуэхэмэ я гъэсэнхэмрэ я художественнэ-щэнхабзэ центрхэм я гъэсэнхэмрэ гъэльэгъуэныгъэр ягъэдэхэнущ льэпкъ зэхуэмыдэхэм кьадекІуэкІ хъэшпышхэмкІэ.

Фокладэм и 1-м, сыхьэт 16-м щІидзэу ХьэтІохъущокъуэм и жыг хадэм щекІуэкІынущ «Уи махуэ лъапІэмкІэ, фІыуэ тлъагъу ди кьалэ!» арт-гъэлъэгъуэныгъэм ди гуапэу псори фыкьыдогъэблагъэ.

ДЗЭМЫХЬ Лилэ.

ІэщІагъэхэм зэрыхущ1агъаджэм

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

НОБЭ

♦Щхьэхуитныгъэмрэ зэкъуэтныгъэмрэ я махуэр. 2005 гъэм фокІадэм и 28-м Европарламентым кьыщта унафэм ипкъ иткІэ ягъэзэлІэ.

♦ **Къыргызыз Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъуэщ** - 1991 гъэм къэрал щхьэхуит хъуащ.

♦ **Малайзием и лъэпкъ гуфІэгъуэщ** - 1957 гъэм Индкьылызым и унафэр щхьэщыкІри щхьэхуит хъуащ.

♦ **Гринландэр Тобагэрэ Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъуэщ** - 1962 гъэм къэрал щхьэхуит хъуащ.

♦Узбекистаным политикэ лей зытехьахэм я фэеплъ махуэр щагъэлъапІэ.

♦Илъэс 20 и пэкІэ Берлин Іэ щыщІадзащ ФРГ-мрэ ГДР-мрэ зы къэралу зэрызэгухьажьыгъуэ зэгурыІуэныгъэм.

♦1971 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым Октябрь Революцэ орденыр къратащ.

Плагиатэр зыхьхьэзыгъар **ГЪУЩІО Зарифи.**

Лъэпкъ Іуэущ1эс:

Гур кІуэдмэ, льэр щІэкІкъым.

●Щэджэм куей

ІуэхуфІхэр зэфІагъэкІ

Щэджэм ЕтІуанэ къуэжьар хагъэхьащ «Жыг хъуа щхьэ1ум» унахэр загъэпэщыжьыр» къэрал программэм.

АБЫ ипкъ иткІэ, жылэм кьыхуаутІыпщащ сом мелуани 5,5-рэ икІи Октябрькэ уэрамым тет, унагъуэ кІуэ щыпсэу унэхэм ящыщ зыр зыхуей хуэгъэзэным иужь ихьащ. Абы къыдэкІуэу, псырэ газкІэ нэсу кьызэрагъэпэщынущ мы щІыпІэм щагъэтІыса хьэдэщІэр. Мыбыхэм здэІэпыкъунущ «Жылагъуэхэм мэкъумэш Іэнатіэр кьыщыІэтын» къэрал программэм ипкъ иткІэ. Кьапщтэмэ, цІыхур зэфэну псымкІэ кьызэгъэпэщыным сом мелуан 13 трагъэкІуэдэну щыубыдэхуащ абы.

ЩІэблэм гулъытэ хэха яхуэщІынымкІи мы къуэжьэм лэжьыгъэфІ щызэфІагъэкІащ: жьы дыдэ хъуа кьуажэ клубыр зэрагъэпэщыжьри, абы кьыщыІуахащ Шэджэм кьалэм и спорт школым и къудамэ. Абы дяпэкІэ щылэжьэнущ спорт лІэужьыгъуэ зыбжанэмкІэ секцэхэр. Мы Іуэхумкіэ кьадэІэпыкъуащ Шэджэм кьалэм дэт ДЮСШ-м и унафэщІ Аджий Асльэнрэ къуажэм дэс хьэрычэтыщІэхэрэ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

ГуфІэгъуэ махуэхэм ди щыхьэрым транспортыр зэрыщызекІуэнур

«ІУАЩХЬЭМАХУЭ и кубок-2010» щыгъажэщхуэр республикэ ипподромым зэрыщекІуэкІынум къыхэкІыу щыщхьэІум и 31-м сыхьэт 12.00-м щегъажьауэ 17.00-м нэсыху Мэлбахьэм и уэрамым и Іыхьэу Хмельницкий Богдан и щІэр зезыхьэ уэрамымрэ Тырныауз уэрамымрэ я зэхуэкъм кьриубыдэм троллейбусхэм фІэкІ щызекІуэкІынукъым. Маршрутым тет адрей транспортым гъэгуэм а и Іыхьэм Калюжнэм и щІэр зезыхьэ уэрамымрэ Пионер уэрамымрэ тету кьыпинкІуэнырэ адэкІэ маршрутым теувэжынущ.

Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэмрэ ЩІэныгъэм и махуэмрэ зэрагъэлъэпІэнум къыхэкІыу фокІадэм и 1-м Щоджэжэщ1ыкІум и уэрамым щыщу Балъкъэр Зэрамырэ Тэрчокъуэм и уэрамымрэ я зэхуэхуэм кьриубыдэм сыхьэт 10 хьуку этпІ спиртру процент 15-м щІигу зыхэт фадэхэкІхэр ящэну хуиткым. Хабзэм ебакъуэхэр Урысей Федерацэм и законодательствэм тету жэуапым ирашэлІэнущ. Апхуэдэу Правительствэм хэтхэр арэзы техьауаг 2009 гъэм уэгъум и зэран зэкІа мэкъумэш хозяйствэхэр нартыху жылапхъэхэмкІэ кьызэгъэпэщыным и Іуэхуми. Абы мыльку лей текІуэдэнукъым. Республикэ бюджетым и хьэмкІэ кьагъэкІа жылапхъэфІу тонн 216-рэ Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэш хозяйствэмкІэ и щІэныгъэ-кьэхутакІуэ институтым и хьумапІэм щІэлъщ.

Правительствэм кьыщтащ олимп спорт лІэужьыгъуэхэмкІэ, апхуэдэу олимп спорт лІэужьыгъуэхэм хэмыльхэхэмкІэ Урысейм и командэ кьыхэхам хэту Олимп Джэгуэм, дунейпсо Европэ чемпионатхэм, зэхьэзэхуэхэм увыпІэ льагэ кьыщызыхьа спортсменхэмрэ абыхэм я гъэсакІуэхэмрэ ящыщу яГъэпэжнуэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентым и стипендиер мазэ кьэс зратынухэм я спискэхэр. Аэр кьыхьилъхьащ республикэм спортымрэ туризмэмкІэ и министр **АфІэунэ Асльэн**.

Зэхьыкъэм щагъэбелджылащ «Къэралпсо Іуэхугъуэхэр» Іыхьэмрэ «Гъэтіылъыгъэ фондхэр» Іыхьэ гуэдзэмрэ зыкъэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и республикэ бюджетым и зэкъыдэ мыльку зыкъухахынухэр. Абы тету хуэмыщІа щыхупщІыкІ, сом зы мелуанрэ мин 370-рэ, зауэм и ветеранрэ хэкІуэда зауэлІхэм я щхьэгъусэу 24-м мелуанрэ мин 962-рэ иратынущ.

Нэгъуэщ1 Іуэхугъуэхэми щыхьэпльа зэІущІэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Тхьэмадэм и кьуэдзэ **ДыщэкІ Мадинэ** , министрэхэр, къэрал комитетхэм я нэхъыжьхэр, кьалэ, район администрацэхэм я Іэтащхьэхэр, ирагъэблэгъа кьуныкъуІэхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

●Щэджэм куей

ІуэхуфІхэр зэфІагъэкІ

Щэджэм ЕтІуанэ къуэжьар хагъэхьащ «Жыг хъуа щхьэ1ум» унахэр загъэпэщыжьыр» къэрал программэм.

АБЫ ипкъ иткІэ, жылэм кьыхуаутІыпщащ сом мелуани 5,5-рэ икІи Октябрькэ уэрамым тет, унагъуэ кІуэ щыпсэу унэхэм ящыщ зыр зыхуей хуэгъэзэным иужь ихьащ. Абы къыдэкІуэу, псырэ газкІэ нэсу кьызэрагъэпэщынущ мы щІыпІэм щагъэтІыса хьэдэщІэр. Мыбыхэм здэІэпыкъунущ «Жылагъуэхэм мэкъумэш Іэнатіэр кьыщыІэтын» къэрал программэм ипкъ иткІэ. Кьапщтэмэ, цІыхур зэфэну псымкІэ кьызэгъэпэщыным сом мелуан 13 трагъэкІуэдэну щыубыдэхуащ абы.

ЩІэблэм гулъытэ хэха яхуэщІынымкІи мы кьуэжьэм лэжьыгъэфІ щызэфІагъэкІащ: жьы дыдэ хъуа кьуажэ клубыр зэрагъэпэщыжьри, абы кьыщыІуахащ Шэджэм кьалэм дэт ДЮСШ-м и унафэщІ Аджий Асльэнрэ къуажэм дэс хьэрычэтыщІэхэрэ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

●Щэджэм куей

ГуфІэгъуэ махуэхэм ди щыхьэрым транспортыр зэрыщызекІуэнур

«ІУАЩХЬЭМАХУЭ и кубок-2010» щыгъажэщхуэр республикэ ипподромым зэрыщекІуэкІынум къыхэкІыу щыщхьэІум и 31-м сыхьэт 12.00-м щегъажьауэ 17.00-м нэсыху Мэлбахьэм и уэрамым и Іыхьэу Хмельницкий Богдан и щІэр зезыхьэ уэрамымрэ Тырныауз уэрамымрэ я зэхуэкъм кьриубыдэм троллейбусхэм фІэкІ щызекІуэкІынукъым. Маршрутым тет адрей транспортым гъэгуэм а и Іыхьэм Калюжнэм и щІэр зезыхьэ уэрамымрэ Пионер уэрамымрэ тету кьыпинкІуэнырэ адэкІэ маршрутым теувэжынущ.

Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэмрэ ЩІэныгъэм и махуэмрэ зэрагъэлъэпІэнум къыхэкІыу фокІадэм и 1-м Щоджэжэщ1ыкІум и уэрамым щыщу Балъкъэр Зэрамырэ Тэрчокъуэм и уэрамымрэ я зэхуэхуэм кьриубыдэм сыхьэт 16.00-м щегъажьауэ 22.00-м нэсыху транспортыр щызэрагъэжьынущ. А Іыхьэм маршрутым тет транспортым кьыпинкІуэнырэ Головко, Ленинным и щІэкІэ щыІэ уэрамхэм тету.

ЩОМАХУЭ Данэ.

●Щэджэм куей

ГуфІэгъуэ махуэхэм ди щыхьэрым транспортыр зэрыщызекІуэнур

«ІУАЩХЬЭМАХУЭ и кубок-2010» щыгъажэщхуэр республикэ ипподромым зэрыщекІуэкІынум къыхэкІыу щыщхьэІум и 31-м сыхьэт 12.00-м щегъажьауэ 17.00-м нэсыху Мэлбахьэм и уэрамым и Іыхьэу Хмельницкий Богдан и щІэр зезыхьэ уэрамымрэ Тырныауз уэрамымрэ я зэхуэкъм кьриубыдэм троллейбусхэм фІэкІ щызекІуэкІынукъым. Маршрутым тет адрей транспортым гъэгуэм а и Іыхьэм Калюжнэм и щІэр зезыхьэ уэрамымрэ Пионер уэрамымрэ тету кьыпинкІуэнырэ адэкІэ маршрутым теувэжынущ.

Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэмрэ ЩІэныгъэм и махуэмрэ зэрагъэлъэпІэнум къыхэкІыу фокІадэм и 1-м Щоджэжэщ1ыкІум и уэрамым щыщу Балъкъэр Зэрамырэ Тэрчокъуэм и уэрамымрэ я зэхуэхуэм кьриубыдэм сыхьэт 16.00-м щегъажьауэ 22.00-м нэсыху транспортыр щызэрагъэжьынущ. А Іыхьэм маршрутым тет транспортым кьыпинкІуэнырэ Головко, Ленинным и щІэкІэ щыІэ уэрамхэм тету.

ЩОМАХУЭ Данэ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

ЛъагапІэщІэхэр я плъапІэщ

Ди газетым зэрытеташи, Налшык дэт Къэрал концерт гъэлъэгъапІэм иджыблагъэ щекІуэкІащ республикэм и егъэджакІуэхэм я планкрэ зэІуищэ ин. Щыхьу 400-м щигъу квызрихьэлІа зэхуэсым щэщІауэ щытепсэлъыхьащ республикэм и еджапІэ, гъэсапІэ Іэнатіэхэм я Іуэху нобэкІэ зыІутым, кьыщащытэжащ гъэ еджэгъуэ блэкІам абыхъэм зыІэрагъэхьа ехьулІэныгъэхэмрэ зыхуэнэмысхэмрэ. Апхуэдэу щаубыхуащ 2010-2011 гъэ еджэгъуэщІэм кьапэщыщ кьалэнхэмрэ ахэр зэфІэхэ зэрыхьунымрэ.

ЗЭЩІЭМ и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Іыгъ и кІуэдзэхэу Дыщэкі Мадинэрэ Тхьэзэпльыжь Муратрэ, УФ-м и Федеральнэ Зэ хуэсым Федерацэмкі и Советым Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и комитетым и унафэщІ Чеченов Хьусейн, УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм щІыналъэ зыуэжьыныгъэмкІэ и департаментым и унафэщІ Дулинов Максим, «Урысей зэкъуэгъ» политик з партым и КъБэрдей-Балъкъэр щІыналъэ кІуэдакІуэм и унафэщІ Жаным Борис, КъБР-м и егъэджакІуэхэм я профсоюзым и унафэщІ Карныш Сергей, Парламентым и депутатхэр, республикэм и куейхэм, кІалэхэм я администрацэхэм я Іэтащ1хэхэр, школхэм, сабий садхэм я унафэщІхэр, егъэджакІуэхэр, дин зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр, нэгъуэщІхэр. Зэхуэсым кІыхьуэрагъэпща гъэльэгъуэныгъэ хьэлэмэтхэм щыгъуазэ защІа нэужь, ахэр щІыхьащ кІыхьуеджэныгъэхэмрэ удэ гъэгъэжкІэ гъэщІэрэщІа пэшыщІэхэм.

ЕгъэджакІуэхэм я зэІущІэр кІыхьагъ абы и екІуэкІыкІэм псори щигъэгъуэза, апхуэдэуи кьекІуэлІа псоми гъэ еджэгъуэщІэмкІэ екъуэгъэкІа, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр **ЩІхьэгъэпсо Сэфарбий** кьызэхуэсахэм я пащхьэ доклад купщІафІэ щищІащ. Ар теухуат илъэс кІуам егъэджэныгъэ Іэнатіэхэм щызэфІаха лэжьыгъэхэр къапщытэкьынм, къапэщылІэ кьалэнхьщІэхэр уб5ыхуным. Апхуэдэуи министрыр тепсэлъыхьащ иужьрей зэманым егъэджэныгъэм ехьулІэныгъэ Іэуху зехьэкІэщІэр республикэм нэсу щызэфІэзыха ехьулІэныгъэ, ахэр щІыхьащ. Абы и къэбарыгъуэм я махуэхэм я къикуэу - ЩІэныгъэм, КъБР-м и Къэралыгъуэм я махуэхэм. Иджырей дн зэхуэсым ІокІуэкІ 2010 гъэр ЕгъэджакІуэм и илъэсу зэрагъэувам и дамыгъэм щІэту. Апхуэдэ къэрал гулыпІэр хуабжьу зэрыгуапэм нэмыщІ, дызыпІэрыт лэжьыгъэм хуэдэ гудзакъэм нэхъри зэзыгъахьэщ. Мы махуэшхуэ зэхэр зэрызэтрихьэр нэщэнэ дахэщ икІи жэуаплыныгъэ зыпылъщ, сыту жыпІэмэ, къэралым зыІэригъэхьэрыну ехьулІэныгъэхэр,

• Шыщхьэ1у зэ1ущ1эхэр

псом япэрауэ, зэпхар абы и цІыхухэм ябгъэдэль щІэныгъэмрэ зэфІэкІхэмрэ я льагагъыщ. Ахэр тэмэммэ, итІанэщ къэралыгъуэр льэщ, жылагъуэр узынщэ щІыхьэр, - кьыхигъэщащ министрыр кьыщыпсалъэм. Егъэджэныгъэ Іэнатіэм я кІалэм нэхъыщхьэр УФ-м и Президент Медведев Дмитрий кьыхилъхьэа «Ди школыщІэ» проектым кьытхуигъэкъа кІалэнхэр ди щІыналъэм и еджапІэхэм кьыщыгъэсэфэныныр, ахэр лэжьакІэщІэм и мардэ щІыныр. Къэралым хьихьэ дэтхэн зэбгьеткІ ху зэдзу, КъБР-м и егъэджэныгъэ Іэнатіэхэми мы зэманым зэхъуэкІыныгъэхэр щокІуэкІ, ахэр псори хуэунэтІащ ныбжьыщІэм ират щІэныгъэр егъэфІэкІуэным, ахэр щыпсэур кІалэрами кІуэажэрами емылытауэ, кьызыхэла социальнэ гупми емыпхауэ. Абы теухуауэ кІэщІу сыкъытеувыІэнут ёГъэшІэжьныгъэ» и Іыхьэ нэхъыщхьэхэм блэкІа гъэ еджэгъуэм щытхуэзэфІэкІахэм.

ЕгъэджэныгъэР кьыщыщІедэ сабий садхэм, гъэсапІэ Іуэхущ1апІэхэм, Щхьэгъэпсом зэрыкІамкІэ, ди республикэм иджыпсту щыпсэу сабийхэм (зи ныбжьыр илъэси 7-м нэмысхэм) ящыщу апхуэдэ Іуэхущ1апІэхэм кІуэну Іэмал зиІэр зэрыхьур мин 32-м нэсщ е апхуэдэ ныбжьым ит сабийхэм я процент 57,3-щ. Сабийхэм я бжьыгъэр нэхъыбэ щыхьэж мы илъэсхэм гъэсапІэ Іуэхущ1апІэхэм кІуэфыну абыхэм Іэмал етыныр - ар министерствэм и кІалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ. Абы и хэкІыпІэу министрым кьигъэльэгъуащ, псалъэм папщІэ, курыт школхэм сабий садхэм я гупчэ хьэхуэр зэрыщІэхьэныр. Иужьрей илъэсхэм кьриубыдэу кьуажэ школ 26-м кьыщыІэуахащ апхуэдэ гупу 68-рэ. Абыхэм иокІуалІэ сабий 1315-рэ. Апхуэдэу сабий садхэм ящыщ куэдым кьыгуагъэкІыжащ илъэс зыбжанэ ипэкІэ ІэмальшІагъэм кьыхэкІыу абыхэм ирапхауэ щыта пщыІэдэ школхэр. Абы и фыгъэкІэ, садхэм кьыщыщІэзрагъэпщыкащ иджыри сабий 2200-рэ зыщІэхуэн гупхэр.

Итани, гъэсапІэ Іуэхущ1апІэхэм кІуэну иджыри Іэмал яІэкъым сабий мин бжьыбэм: апхуэдэ чэзум щытщ сабий 4856-рэ. Абы кьыхэкІыу гъэ еджэгъуэщІэм Іэмал зимыІэу дызэлэжьын хуей унэтІыныгъэхэм ящыщщ сабийхэм апхуэдэ кьэралыгъуэ Іуэхутхьэбзэр кьагъэсэбэныфын папщІэ Іэмал етыныр. Абы кьыдэкІуэу, шюл кІуэгъуэ ныб кьым нэмысхэм гъэскаІуэхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ зэрадзлажьэ методикэмэ нэхъри зегъэужьын, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм и мардэщІэхэр зэщІауэ хэпщэн хуейщ, - жиІауэ Щхьэгъэпсом.

НыбжьыкьщІэхэм курыт щІэныгъэ етыныр щытепсэлъыхьын, министрыр кьытеувыІащ «Егъэджэныгъэ» льэпкъ проектыр ар нэхъри егъэфІэкІуэныжьэ хуабжьу сэбэн зэрыхьуар. Кьапщтэмэ, республикэм и еджапІэ псори Интернетым пыщІащ, апхуэдэуи ахэр компьютеркІэ кьызэгъэпэщыныр кІуэ пэтми ёофІакІуэ. Псори зэхэту кьапщтэмэ, КъБР-м и курыт школхэм я компьютер 3922-рэ Интернетым пыщІащ. АбыкІэ псом япэ итщ Налшык кьалэр. «Дунейпсо бэджкъуэным и Іэмалхэр нэхъ мащІэу кьэзыгъэсэбэныфхэм ящыщ Лэскэн, Шэрдэж куейхэр. А техникэ пэрытым и бжьыгъэм адэкІи хэхъэнущ.

ЕгъэджэныгъэР-гъэсэныгъэм щэщІауэ кьыщагъэсэбэн нэгъуэщІ иджырей технологиещІэхэри. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщІэ, мультимедийнэ проекторхэмрэ интерактивнэ доскахэмрэ. Ахэр егъэджэныгъэр езыгъэфІакІуэу ІэмалыщІэхэм ящыщщ.

АдэкІэ Щхьэгъэпсо Сэфарбий кьытеувыІащ Зыуэ щыт кьэрал экзаменхэр ди республикэм 2010 гъэм зэрыщІекІуэкІам. Абы зэрыжиІамкІэ, мы гъэм абы еджакІуэ 8288-рэ хэтащ. ИрагъэкІуэжкІа къэхутэныгъэхэм кьыдэзрагъэльэгъуамкІэ, ящыкІыкІуэ предметхэмкІэ республикэм и школакІуэхэм кьахьа балл бжьыгъэ икУ иту Урысейм щыІэхэм йофІэкІ, апхуэдэуи ар щынэхъ льахьыщэм мащІэкым. Мэкъуаугъуэм и 6 - 10-хэм Урысейм щыкІуэхэм щІэныгъэ щрагъэгъуэт Іэзэкущ1апІэхэм я Іэжьныгъэм кІэльыплъ Іэнатіэм ди республикэм щригъэжьэа кьэщІыгъэзэхэм кьагъэльэгъуащ Зыуэ щыт кьэрал экзаменхэр ящыщ. Ар теухуауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Совет власть зэрыщІагъэуврэ илъэс 40, Ленинрыр къызэрагъэпэрэ илъэс 90 зэрырикъуэхэм. Альпинизмэм хэта щыхьэ 1300-м дащыщт сэрэ си курсэгъу икІи си кьуажэгъу КІэщ Баширрэ. Гупым пащІэ тхуэзыуат Къэбэрдей-Балъкъэрым и обкомым и апэ секретарь Мэлбахьуэ Тимбор, КъБКъУм и ректор Бэрбэч Хьэтлъгуп, щІэныгъэлІ щІэрыІуэ Абыгуп Мухьэб сымэ. Мэлбахьуэ Тимбор Іуащ-хьэмахуэ и щыгу дыкъуакъуэм, Бэрбэчыр кьухьэпІэ льагапІэм и зэхуэдитым нэсауэ кьрагъэзыхьыжьын хуей хьуащ адэкІэ я узынщагъэр пэмыльэщу. АбыгпІэ Мухьэб Терскол дежь иІэ Малый Кругозорым метр 15-кІэ дэкІыкІащ башІтІ иІыгъыу. Абы папщІэ «СССР-м и альпинист» дамыгъэр кьратауэ щытащ. Іуащ1хьэмахуэ дэкІыну гъэзту техьа щІыху 1300-м щІыгу 100-м щІигъэм ар къемыхьулІауэ кьрагъэзыхьыжьат. Альпиниадэм хэтахэм я нэхъыбэр кьухьэпІэ льагапІэм нэсафащ. Кьухьэ кІыпІэ льагапІэм нэсахэщ спортым и мастеру, инструктору щыІэу 33-рэ.

Апхуэдэ Іуэхугъуэхэм щІыкъуэгъэ зэкъэнчъуэхэрт, щІалэгъуалэм я дежкІи щапхъэ дахэт. Сэ щэч кьытесхьэрхьым нобэрей ди щІалэгъуалэмэ апхуэдэ зэфІэкІ кьызэрагъэльэгъуэфынрэ икІи дыгугъэщІ Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 455-рэ щрикъум ирихьэлІэу пщІэ зыхуэтщІ ди Президент Кьаныокъуэ Арсен я пашэу Іуащ1хьэмахуэ дэкІыну, апхуэдэ щІыкІэкІи етІуанэ ди дунейпсо рекордри ди республикэм кьыхуагъэнэжыну.

ХЪУАЖЬ Борис.

1960 гъэм КъБКъУ-м и химико-биологие къудамэр къэзыуха гупыр.

Юбилей тІуащІэ

1955 гъэм курыт еджапІэр къэзухри, Къэбэрдей-Балъкъэр пединиститутым мэкъумэш хозяйствэмкІэ и факультетым и химико-биологие къудамэм сыщІэтыс-хьащ. Илъэситі дэкІри, 1957 гъэм, пединиститутыр Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал — университет ящІыкІауэ щытащ. Абы щыгъуэм республикэм и къуажэхэм, къалэхэм кьнкІауэ ящэ щыхуэ 75-рэ, гупищу дыгуэщІауэ. Ар къызэрыдухэр нитъ 50 ирокъу.

КъэдІэ сигу къокІыж ди курсэгъуэу щытахэу КІуащ Берэ, Бэрбэч Хьэуатэ, Уэтэр Динэ, Бэрэгъун Люся, Битокъу Владимир, Къущхъэ Анатолэ, КІэщ Башир, Щхьэщэмыщ Хьэту, ТІэщ Сергей, ФиІэпщэ Борис, БищІо Анатолэ, Къуэжьокьуэ Жэмал, Абдыгаджыгъуэ Юрэ, Дейнекинэ Галя, Алъхьэс Евгений, Сокъур Владимир, Жылокъуэ Денэ, Барабановэ Светэ сымэ, нэгъуэщІхэри. Апхуэдэуи гуапэу гуи кьинащ щІэныгъэ куум и дунейм дызэпыща ди егъэджакІуэхэу ЛъэжьІэмыхъу Іузер, Кьарэ Зырамыку, Иванов Виктор, Бай Фуэз, Щоджэнщыкіу Іанэ, Поповэ Елизаветэ, Ефремов Вениамин, Петров Виктор, Кьэзанш Александр, Ругузов Александр, Щэрдан Іэбу сымэ. Ахэр дэтхэнэри еджэным дытрагъэгъуэхуэу, апхуэдэуи гъащІэм дыхуаущийуэ кьытхэтащ.

Кьыддеджахэм ящыщу щІэныгъэхэм я доктор хьэащ Сльон Людин, ФиІэпщэ Борис, Щхьэщэмыщ Хьэту сымэ, щІэныгъэхэм я кандидатыгу Битокъу Владимир, Гъэурдэгъуэжь Іэюб, Жьэкіэмыхъу Хьэсэн сымэ.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, дезыгъэджахэм ящыщу нобэ псэужьыр зырызщ. Апхуэдэу кьыгъэтэныжьхьым кьыддеджажьу ФиІэпщэ Борис, Кьущхъэ Анатолэ, Щхьэщэмыщ Хьэту, Жьэкіэмыхъу Хьэсэн, Бэрэгъун Люся, Кьуэжьокьуэ Жэмал сымэ. Абыхэм я ахърэтыр дахэ хьуну Тхьэщхъуэм дольэІу. Мыдрей си курсэгъуу щытахэм ди юбилеймкІэ соХьэрыІу. Узынщагъэ быдэ фиІэу, фи дунейр дахэу Тхьэм фигъэпсэу!

Студенту щыта дэтхэнэми жиІэфынущ а зэманым хуэдэу гукъинэж, щІэщыгъуэ гъащІэм зэрыхъэныгъэ. Ильэситхум кьриубыдэу дэ университетым и жылагъуэ гъащІэм жыдэхэу дыхэтащ. Дэ еджэнри гъэкъэнри зэдэтхьыртри, ар тІэкІуи кьыгъэхьэтьэрт, ауэ ди студент гъащІэр гъэщІэгъуэну кьыззэгъэпэщатри, гугъуехьэщ апхуэдэу зыхэтщІэрэтэкъым.

1957 - 1958 гъэхэм Къзахьстаным щыщІэ кьыщІэтым къэрал унафэкІэ дагъэкІуат сэ, Іо Мухьэмэд, Машэ жь Владимир, Іугу Николай, Сльон Людин, Унжокьуэ Владимир, Гъэурдэгъуэжь Іэюб сымэ дызэгъусэу. Абы и Акмолинскэ областым хьихьэ Вишневскэ, Есильскэ куейхэм щыІэ «Берегъ Сибири», «Каракольский» совхозэм ихьэситІкІэ дыщыІащ. Дэ драгъусащ гуэдзыр Іузыхьижхэм, мэкъумышІэр зыгъэхьэзыныгъэм, апхуэдэуи жьыдэжру дыхэтащ ухуэныгъэ езыгъэкІуэкІэми псыр бжьамийкІэ щыІэпІэ зэрыщІэужьыгъуэ хэм езышІэлІкъэми. Абы щыІа студентхэм С СССР-м и Соет Нэхъыщхьэм и Президиумым кьыдитауэ щытащ «ЩІыщІэ къэІэтэныным зэрыхэтам папщІэ» медалыр.

Ди курсым щыщ зы гуп университетым и художественнэ самодеятельностым дыхэтт. Абыи куэдкІэ гъащІэр нэхъ щІэщыгъуэ тщищыфт. Ди концертхэр щыттыт Дон Іуфэ Іус Ростов, Мэхъэчкьалэ, Москва, нэгъуэщІ щыналъэ куэдми. Пъэпкъым яку дэпъ зэпыщІэныгъэр нэхъ быдэ хъунымкІэ художественнэ самодеятельностым мыхьэнэщхэр игъэзащІэрт.

Гуапэу кьэдгъэ сиу кьэкІыж Іуэ хугъуэхэм ящыщу 4-нэ курсыр кьэдухауэ, 1959 гъэм и щыщхьэІу мазэм КъБКъУ-м экспедицэ Тенджиз Хужьым дигъэкІуауэ зэрыщыІытар. Экспедицэм я гъусэу сыщыІащ Кьуэжьокъуэ Жэмал, Щхьэщэмыщ Хьэту, Поповэ Елизаветэ сымэ. Абы щыІэ гъэщІэ дэ кьыщыІытщІар «Жэщ хужьКІэ» зэддкэр. Тенджиз Хужьым тхьэмахутІкІэ дыщыІати, дунейр КІыфІ хъуауэ тІэгъэгъакъым. Гъэщ1эгъэщ1ын куэд дии нэгу щыщІэкІащ Москва - Ленинград - Петрозаводск - Кандалакшэ гъэузгаиэм. Кандалакшэ деж мафІэгум дыкьыщІкІри, Ломоносовым и цІэр зезехьэ катерым драгъэтІысхьащ, километр 15 хуэдиз кьыззэдзкІауэ дынэсащ пІалъэкІэ хэщІапІэ тхуэхъуауэ щыта ББС-м (Беломорская биологическая станция МГУ).

ЕтІуанэ юбилейр зытеухуар Іуащ1хьэмахуэ и щыгум дэкІыныжьмкІэ 1960 гъэм и щыщхьэІу мазэм республикэм янэ дыдэу щекІуэкІа альпиниадэрщ. Ар теухуауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Совет власть зэрыщІагъэуврэ илъэс 40, Ленинрыр къызэрагъэпэрэ илъэс 90 зэрырикъуэхэм. Альпиниадэм хэта щыхьэ 1300-м дащыщт сэрэ си курсэгъу икІи си куажэгъу КІэщ Баширрэ. Гупым пащІэ тхуэзыуат Къэбэрдей-Балъкъэрым и обкомым и апэ секретарь Мэлбахьуэ Тимбор, КъБКъУм и ректор Бэрбэч Хьэтлъгуп, щІэныгъэлІ щІэрыІуэ Абыгуп Мухьэб сымэ. Мэлбахьуэ Тимбор Іуащ1хьэмахуэ и щыгу дыкъуакъуэм, Бэрбэчыр кьухьэпІэ льагапІэм и зэхуэдитым нэсауэ кьрагъэзыхьыжьын хуей хьуащ адэкІэ я узынщагъэр пэмыльэщу. АбыгпІэ Мухьэб Терскол дежь иІэ Малый Кругозорым метр 15-кІэ дэкІыкІащ башІтІ иІыгъыу. Абы папщІэ «СССР-м и альпинист» дамыгъэр кьратауэ щытащ. Іуащ1хьэмахуэ дэкІыну гъэзту техьа щІыху 1300-м щІыгу 100-м щІигъэм ар къемыхьулІауэ кьрагъэзыхьыжьат. Альпиниадэм хэтахэм я нэхъыбэр кьухьэпІэ льагапІэм нэсафащ. Кьухьэ кІыпІэ льагапІэм нэсахэщ спортым и мастеру, инструктору щыІэу 33-рэ.

Апхуэдэ Іуэхугъуэхэм щІыкъуэгъэ зэкъэнчъуэхэрт, щІалэгъуалэм я дежкІи щапхъэ дахэт. Сэ щэч кьытесхьэрхьым нобэрей ди щІалэгъуалэмэ апхуэдэ зэфІэкІ кьызэрагъэльэгъуэфынрэ икІи дыгугъэщІ Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 455-рэ щрикъум ирихьэлІэу пщІэ зыхуэтщІ ди Президент Кьаныокъуэ Арсен я пашэу Іуащ1хьэмахуэ дэкІыну, апхуэдэ щІыкІэкІи етІуанэ ди дунейпсо рекордри ди республикэм кьыхуагъэнэжыну.

ХЪУАЖЬ Борис.

Университетым и художественнэ самодеятельностым хэтхэр. СэмэгумкІэ епІанэр Хъуажь Борисщ. *1956 гъэ*

• Гукъэкіыжхэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2010 гъэм шыщхьэІум и 25-м *№335-рп*

«МафІэсым и шынагъуэ къэмыгъэхъуным и Іуэхугъэ» 1994 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м кьыдэкІа Федеральнэ закон №69-ФЗ-м и 30 статьям, Урысей Федерацэм и Мэз кодексым и 11 статьям и Іыхьэ 5-м и пункт 1-м, 83 статьям и Іыхьэ 1-м и пункт 4-м, Мэзхэм мафІэс кьыщымыгъэхъуныжьмкІэ хабзэу Урысей Федерацэм и Правительствэм 2007 гъэм мэкъуаугъуэм и 30-м кьыдигъэкІа Унафэ №417-мкІэ хьыщтам и пункт 37-м ялъкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и мэз фондым хьибыдэ щІыхьэм мафІэс кьыщымыгъэхъун мурадкІэ:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мафІэс кьыщыхъункІэ щынагъуэу щыщыт пІэхъэнэм кьриубыдэу гъэмэщІэ:

мэзым щымыплъажь щІыхуэ мэз фондым хибыдэ щІыхэм кІуэхэмрэ абыхэм щызекІуэ транспортымрэ я бжьыгъэ;

щэкІуэн мурадкІэ мэз фондым хьихьэ мэз щІыхуэ кІуэ щІыхуэм я бжьыгъэ;

лэжьыгъэ, Іуэху зэмылІужьыгъуэхэр щрагъэжькІкІэ мэз фондым хибыдэ мэзхэм мафІэу кьыщагъэсэбэныр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкІэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Дыкъэзыухъурееихь дунейр хъумэныжьмрэ щІыналъэпсыр къэгъэсэбэныныжьмкІэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэз хозяйствэмкІэ и къэрал комитетым яхуэгъэувын, Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжьныгъэм и ІуэхуэхэмкІэ, кьыззэрымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ, къэхъуа гузэвэгъуэхэм я льэужьхэр гъэкІуэдыжьныжьмкІэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм, Къэрал кІуэцІ ІуэхуэхэмкІэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я щІыпІэ администрацэхэм, «Іуащ1хьэмахуэ льапэ» щІыпІэ парк» Федеральнэ къэрал Іуэхущ1апІэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал къурш заповедник» Федеральнэ къэрал Іуэхущ1апІэм чэнджэщ етын мы Унафэм и пункт 1-м кьыщыгъэльэгъуэ Іуэхуэхэр гъэзэщІэным хуэунэтІауэ зыхуэфащэ лэжьыгъэхэр ирагъэжьэжьынгу.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэз хозяйствэмкІэ и къэрал комитетым хуэгъэувын:

мэзхэр мафІэсым щыхъумэным, мафІэс къэмыгъэхъунымкІэ хабзэхэр гъэзэщІынным, щІыхуэм хуэсакъыу мэзхэр яхъумэным хуэунэтІауэ щІыхуэр хъыбарыкІэ щІэщыгъэкІуэкІ агитацэ-гурыгъэІуэныгъэ лэжьыгъэр игъэпэщынгу;

мэзхэм мафІэсым и лъэныкъуэкІэ щыщыІэ щытыкІэм махуэ кьэс кІэлъыплъныжьмкІэ кьызэрагъэпэщыну. МафІэсым и лъэныкъуэкІэ щыщыІэ щытыкІэм теухуа хьыбарыр Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжьныгъэм и ІуэхуэхэмкІэ, кьызэрымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ, кьэхъуа гузэвэгъуэхэм я льэужьхэр гъэкІуэдыжьныжьмкІэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм пІалъэ пыхьыкІахэм тету Іэрифэхьэныр, мэзхэм мафІэс кьыщыхъумэ, а хьыбарыр икІэщІэкІэ иритыну;

мэзхэм щрагъэкІуэкІ кІэлъыплъныныгъэр игъэткІиину.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я щІыпІэ администрацэхэм чэнджэщ етын:

мафІэс къэхъуамэ, икІэщІыпІэкІэ зыхуэфащэ Іуэхугъэ ялэжьын папщІэ зыгъэпсэхугъуэ мазэхэмрэ гуфІэгъуэ мазэхэмрэ щыщыІэ щытыкІэм кІэлъыплъныныр кьызэрагъэпэщыну;

щхьэж зэрыщІэфІу льагъэ ядэыну зэрыхуимытым теухуауэ мэкъумэш предприятэхэм я унафэщІхэмрэ жылагъуэхэм я Іэтащ1хэхэмрэ епсэлъэну;

мэзхэм мафІэс кьыщыхъумэ ягъэунэкІыфІын папщІэ техникэмрэ Іэмэпсымэмрэ ягъэхъэзырыну;

мафІэс кьэмыгъэхъунымкІэ хабзэхэмрэ мэзхэм мафІэс кьыщыхъумэ ящІэн хуейхэмрэ ятеухуауэ щыхуэхэм кьытрагъэзэжу епсэлъэну.

5. Къэрал кІуэцІ ІуэхуэхэмкІэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм чэнджэщ етын кьызэрымыкІуэ щытыкІэхэр кьэмыгъэхъунымкІэ, мэзхэм, щыхуэхэм я щІыпІэхэм кьызэрымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ, хабзэм кьемызэгъэну я щІыпІэхэм мафІэ щамыщІыныжьмкІэ икІи мафІэсым и льэныкъуэкІэ щынагъуэ щыт лэжьыгъэхэр ирамыгъэжьэныжьмкІэ кьэрал Іуэхущ1апІэхэм лесничествэхэм ядэлэныкъуну.

6. Мы Унафэр зэрагъэзащІэм и Іыхьэ 1-м щыІэ льпъхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ Уянаев К.Хь.-М.

7. Мы Унафэм кьару егъуэт официальнэу кьыщыградзам и ужькІэ махуи 10 дэкІмэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къалэнхэр зыгъэзащІэ

ТХЬЭЗЭПЛЪЫЖ Мурат.

Аруан район администрацэм и Іэтащ1хьэ Кьаныокъуэ Антемыркъан и жэрдэмкІэ, Аруан къуажэм и уэрам нэхъыщхьэхэм ящыщ зым уэздыгъэ цкъуэуэ 30 щагъэуващ. Абы фІэлъыну фонархэри ягъэхьэзыр.

• Аруан куей

Жылэхэр зэІузэпэщ ящІ

АПХУЭДИЗ лэжьыгъэ щрагъэкІуэкІа Октябрьскэ уэрамыр мыгувэу кьызэщІагъэблэнущ.

Мы кьуажэм иджыри зы Іуэхушхуэ щызэфІагъэкІ: КъБР-м и Президентым и щхьэгъусэ Кьаныокъуэ ФатІимэ мылъкукІэ закъыщІигъакъуауэ, Аруан кьуажэм и ищхьэрэ кхъэм унэшхуэ иращІыхь. Абы щахъумэнщ гуэвэгъуэ зиІэ жылагъуэдэсхэм кьагъэсэбэп тетІысхьэпІэхэмрэ стІолхэмрэ, дунейм ехьажа цІыхур щыщІалъхьэкІэ кьагъэсэбэп Іэмэпсымэхэр. Апхуэдэу унэм хэтнанущ нэмэз щащІ пэшышхуэ.

Ухуэныгъэр зэрауба-ирашІэнрэ зэгъэхьулІэныр;

- республикэм нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэ и Іуэхущ1апІэхэмрэ цІыхухэмрэ терроризм щІэпхьаджагъэхэм щахьымэныр;

- Оперативнэ-кьэлъыхьуэныгъэ лэжьыгъэр зэрыгъэуба щыкІэр зэгъэщІэныр;

- Жылэхэм, дин зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэр езыхэм я уставхэм щыгъэпсэ мурадхэм зэрезэгъыр, а хабзэхэр гъэзэщІа зэрыхьэм зэрыкІэлъыплъ щыкІэр кьэпщытэныр.

- Іэпхъуэшэпхъуэным егъэщІылъа хабзэхэр пкыгъэкІа зэрыхьэм кІэлъыплъныныр.

Апхуэдэу зэІущІэм хэтахэм кьалъытащ коррупцэм пэщІэтын и лъэныкъуэкІэ кьалэхэмрэ районхэмрэ я прокурорхэм ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм я прокурорхэм ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм зэпымыуу я нэІэ трагъэтын хуейуэ. Мыбдеж щызэщІагъэуІуапхъэщ коррупцэм пэщІэтыныжьмкІэ Іуэхущ1апІэ зэмылІэужьыгъуэхэм кьызэрагъэпэща Іэщ1агъэлІ гупхэм я лэжьыгъэр. Абыхэм зэгъуэгъуэ гъэкІуэкІ кьэпщытэныгъэхэм я мыхьэнэр кьаІэтын хуейщ.

Коллегием и зэІущІэм хэтахэм кьалъытэ коррупцэр, терроризмэр, экстремизмэр ердыныным хуэгъэзэщІыналъэ, муниципальнэ программэхэр гъэзэщІэным мылъку нэхъыбэ хуэдиІупщІын хуейуэ.

Кьалэхэмрэ районхэмрэ я прокурорхэм кьалэну хуагъэуващ пщІэнщІэу ирагъэджэныжьмкІэ зэхэщІ Іэмалхэр сабийхэм зэрэІэм, апхуэдэу балигъыпІэ имыувахэр наркоманиемрэ алкоголизмэмрэ щІыхьэмыным теухуа хабзэхэр зэрыпхъыкІым кІэльыплъыну.

Коллегием я зэІущІэм нэгъуэщІ унафэхэри кьыщащтащ.

ЦЕКЪУ ПатІ.

Жьэрыгэтыщтэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэным теухуауэ

2008 гъэм щыІэ гъэзэщІэным и 26-м кьыдагъэкІа Федеральнэ закон №294-ФЗ-р гъэзэщІэным кьызэрагъэпэщын мурадкІэ, нэгъабэ базэуэгъуэм и 16-м УФ-м и Правительствэм кьыщитащ «Хьэрычэт лъжьыгъэ щхьэхуэхэм» зэрыщІадзэмкІэ хьыбарыгъэщІ щыкІэм и Іуэхуэкіэ» Унафэ №584-р.

ИЛЪЭС кІуам бадзэуэгъуэм и 1-м кьаруягъэтащ «Къэрал кьэпщытэныгъэмрэ (кІэлъыплъныныгъэмрэ) муниципальнэ кьэпщытэныгъэмрэ щрагъэжьэкІкІэ Іэнатіэхэмрэ щхьэжьыгъэ щхьэхуэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэным и Іуэхуэкіэ» 2008 гъэм дыгъэгъазэм и 26-м кьыдэкІа Федеральнэ закон №294-ФЗ-м и пщалъэхэм. Абыхэм яунэтІ сагъэм, Іуэхутхьэбзэщ1апІэхэм кьагъэсэбэп кьэпщытэныгъэхэр щхьэжьыгъэ Іэнатіэхэмрэ щхьэжьыгъэ щхьэхуэхэм зэрыщІадзащІэ хъыбар зэрырагъащІэ щыкІэр. Къэралым деж зыщІагъэтхэну налог Іуэхущ1апІэм и учетым ya нэужь, Іэнатіэхэмрэ щхьэжьыгъэрыльажьхэмрэ хуитщІэн гугъу тщІы хабзэм тету зыхуэфащэ кІэлъыплъакІуэ органхэм хъыбар ирагъащІу, апхуэдэ хьэрычэт лэжьыгъэхэм щадэзэну.

Коллегием я зэІущІэм нэгъуэщІ унафэхэри кьыщащтащ.

ЦЕКЪУ ПатІ.

• КъБР-м и прокуратурэм

Къалэнхэр куэд мэхъу

КъБР-м и прокуратурэм и коллегием и зэІущІэм щыхэплъэжащ мы гъэм и апэ мазихым зэфІагъэкІахэм республикэм и прокуроры и докладым едаІуэу тепсэлъыхьа нэужь, зэхуэсахэм кьагъэльэгъащ прагъэкІуэкІ кІэлъыплъныныгъэ, зэгъэзыныгъэ лэжьыгъэхэм я щхьэжьыгъэ щхьэхуэхэм зэрыщІадзэмкІэ нэу, криминоген щытыкІэр иджыри республикэм зэрыщыткІийр.

АБы КЪЫХЭКІЫУ , зэкъыхэм ичафэ я кьыщащтащ Іуэхур зэрыгъэхагъэкІым щыкІэлъыплъкІэ нэкъокъэныгъэ кьыщагъэщыпрэ абыхэм хуатх актхэм сэбэныныгъэ кьашэрэ нэхъ мащІэ щІэхъуи и щхьэсыгъуэр зрагъэщІну.

Апхуэдэу кьыхагъэбелджылыкІащ прокурорхэм кьаІэт Іуэхухэм захуагъэ зыхъэль унафэ щыграмащыкІхь, абыхэм зэпымыкІ щагъэгъуэ кьызэрыхьэр. Кьуэнща кьулькьыщІэхэм жэуапыр щыщкъэщ куэдрэ кьохьу.

КІэщІу мэпІэмэ, кьалэн куэд зэгурихьащ. Абыхэм ящыщу нэхъапэ зэфІэгъэкІыпхъэхэщ:

- етІуанэ илъэс нькьуэм щыхухэм хабзэкІэ я сЕфэн зыхэлъхэр пхыгъэкІыным нэхъ жьыджэру щІэбгъэныныр, щІэпхьаджагъэ зэхэщыщІыхьэхэр фІэкІыпІэ имыІэу жэуапым

**1955 гъэм курыт еджапІэр къэзухри, Къэбэрдей-Балъкъэр пединиститутым мэкъумэш хозяйствэмкІэ и факультетым и химико-биологие къудамэм сыщІэтыс-хьащ. ИлъэситІ дэкІри, 1957 гъэм, пединиститутыр Къэ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

● Махуэ къапIэхэр

Рэмэданым и кIэухым

Нэщ1 мазэр и кIэм ноблагъэ.
Абы нрихьэлIэу дэтхэнэ зы мусЛъымэнми и кьалэнхэм нобэ фыщыдгъэгъуэзэщ.

Нэщ1ыр зэрыбгъэзэкIуэжьынур

Щхьэусыгуэзэнщэу зы нэщ1 махуэ блэзыгъэжьыну, апхуэдэ имыIэмэ, нэгъуэщ1ым и деж къыщ1ищэхужу щхьэхуит ищ1ыжьыну.

2. Нэщ1 мазэм кьриубыдэу факьыр 60 игъэшэну.

3. Нэщ1 мазэмрэ хьидымрэ ауха иужькIэ мазитIкIэ нэщ1ыжьыну.

Мыбдхэм языхэз умыгъэззэщIамэ, нэщ1 махуэ блэзбгъэкIар упшынжакIым. ЯкIи «нобэ сыхэшхэнщи, нужькIэ сыпшынжькIынщ», жыпIэу пкъутэ хьунукъым - ар къыпхуэгъунукъым.

Нобэ, Алыхьым и шыкуркIэ, щ1ыкIи щ1ыжькъым, «сыфакьырэщи: жаIэуи куэд урихьэлIэнжькъым (абы емыкIыщхуэ пылтку кьаIыпгъэ), я6зыщIмэ нэкъ кьащтэ». Кьэнэжьыр ещанэращ - мазитIкIэ нэщ1ыжьынырщ. Ари пхуэмыхьын Iуэгуъуэкъым, Алыхьыр фIыщ1уэ зэрилъагъуэм кьыхэкIыу зэрыгнэщ1ын хуеим мазищ ц1ыкIэгъэгъу мусЛъымэн куэд дуней зэрыгетыр кьэпIыпгъэмэ.

Фигу кьэдгъэкIыжьынщи, щхьэусыгъуэнщэу и нэщ1ыр блигъэкIауэ къеIыпгъ ц1ыхум кьемыуэIауэ е ГъэгъуэтIыгъ, ауэ сытми «нобэ сыхьэнщи, зызгъэпсэхунщ» жиIэу зыщ1ысхьыжамэ е нэщ1ыр зыхимыгъэшэчыфамэ, хьэмэ махуэм лIыгъуэ-фызыгъуэ зэрихьамэ.

Мусльымэн диныр хьжькъыу эи фIэщ хьум апхуэдэ щхьэузысгъуэхэр ищ1ынукъым. Абы зыщ1игъэгупщэнукъым Алыхьталэм и лIыкIэм жиIар: «Нэщ1 мазэр, ищ1эн псори зэрыщ1ыгъын хуейм хуэдэу тэмэму езыхьэкI дэтхэнэ зыми, мазэ 1000-м пэкIэн псапэ Алыхьым хуищ1ынущ». Мухьэмэд бегъымбарым и нэгъуэщ1 зы хьэдиси щ1ыIэщ: «Къемэт махуэм Алыхьталэм и мелыпIэнущ: «Дунейм щынэщIахэр нобэ я къэщхьхьэм псы хуэлIэу, мэжалIэу кьотэджькIыж. Абыхэм жэнэтым кьифхи шхын, псы нэхъ гурыхь дыдэхэр кьахуэфхи!

